

Sant Rekiperasyon Dezas Louvri nan Houma

Release Date: Janvyè 25, 2022

Sant Rekiperasyon Dezas Louvri nan Houma

BATON ROUGE, La. – Yon Sant Rekiperasyon Dezas FEMA louvri kounye a nan Houma pou ede sivivan Siklòn Ida ki afekte yo. Sinistre yo kapab jwenn èd gras ak aplikasyon pou asistans pou katastwòf la, telechaje dokiman epi jwenn repons ak kesyon yo sou asistans federel pou katastwòf la nan sant yo.

Espesyalis FEMA yo disponib soti 9 a.m. jiska 6 p.m., Lendi jiska Vandredi ak soti 9 a.m. jiska 2 p.m., Samdi nan lokal sa a:

East Park Recreation Center – Pakin

107 Robert Street

Houma, LA 70363

Tout sant yo ap pran prekosyon kont COVID-19 lan. Anplwaye, volontè ak moun ki kontinye ap viv yo toujou mete mask.

Rezidan nan tout pawas ki afekte nan siklòn Ida yo ka kontinye vizite yon kantite lòt sant rekiperasyon ki louvri nan Louisiana. Pou ou lokalize yon sant, ale nan aplikasyon FEMA oswa vizite www.FEMA.gov/DRC, oswa rele liy asistans FEMA a nan 800-621-3362.



FEMA

Page 1 of 1